# SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2022 (ANNUAL)

**Sub. Code – 104/204**

**(Model Set)**

## MAITHILI (MT) (COMPULSORY)

**(मातृभाषा मैथिली) (अनिवार्य)**

**समय : 03 घंटे 15 मिनट** **पूर्णांक : 100**

**Time : 03 Hrs 15 Minutes** **Full Marks : 100**

कुल प्रश्नों की संख्याः–100+6

**Total No. of questions :- 100+6**

***परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–***

***Instructions for the Candidates :-***

1. परीक्षार्थी OMR उत्तर पत्रक पर अपना प्रश्न पुस्तिका क्रमांक (10 अंकों का) अवश्य लिखें।
2. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
3. दाहिनी ओर हाशिए पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
4. उत्तर लिखते समय परीक्षार्थी यथासंभव शब्द–सीमा का ध्यान रखें।
5. प्रश्न–पत्र पढ़ने के लिए 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
6. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
7. खण्ड–अ में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, जिनमें किन्हीं पचास प्रश्नों का उत्तर देना अनिवार्य हैं। अधिक उत्तर रहने पर आरंभिक पचास प्रश्नों का मूल्याकंन किया जाएगा। प्रत्येक के लिए 1 अंक निर्धारित है। इनका उत्तर उपलब्ध कराये गये OMR–शीट में दिये गये सही वृत्त को भरने के लिए काले/नीले बॉल पेन का प्रयोग करें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि

का उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना मना है। ऐसा करने पर परीक्षा–परिणाम अमान्य होगा।

8. खण्ड–ब में कुल 6 (छः) विषयनिष्ठ प्रश्न हैं। प्रत्येक प्रश्न के समक्ष अंक निर्धारित हैं।

9. किसी तरह के इलेक्ट्रॉनिक–यंत्र का प्रयोग वर्जित है।

## खण्ड–'अ' (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 01 सँ 100 धरिक प्रत्येक प्रश्नक संग चारि–चारि विकल्प (A, B, C, D) देल गेल अछि, जाहि मे एक सही अछि। सही विकल्प चुनिकय ओ0 एम0 आर0 शीट मे भरू। उक्त मे कोनो **पचास** प्रश्नक उत्तर दिअ। 1x50 =50

1. 'भावि भरदुतिया विधान हे' लिखने छथि –

(A) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री' (B) उदय चन्द्र झा 'विनोद'

(C) काशीकान्त मिश्र 'मधुप' (D) तारानन्द 'वियोगी'

2. पाठ्यपुस्तकमे विद्यापतिक रचना अछि –

(A) शिवगीत (B) समय–साल

(C) वन्दना (D) चन्द्रमुखी

3. 'हर' शब्दक अर्थ होइछ –

(A) शिव (B) महादेव

(C) महेश्वर (D) उक्त तीनू

4. 'गरीब किसान कि करत उपाय' पाँती अछि –

(A) 'समय–साल' शीर्षकक (B) 'बच्चा' शीर्षकक

(C) 'वन्दना' शीर्षकक (D) 'शिवगीत' शीर्षकक

5. असहयोग आन्दोलन शुरू भेल रहय –

(A) 1857 ई0 मे (B) 1918 ई0 मे

(C) 1920 ई0 मे (D) 1937 ई0 मे

6. काँग्रेसक स्थापना कयनिहार प्रमुख व्यक्ति छलाह –

(A) महात्मा गाँधी (B) दादाभाई नौरोजी

(C) सरदार बल्लभ भाइ पटेल (D) आइ0 सी0 एस0–ए0 ओ0 ह्यूम

7. अशोकक 'बाबा'क अभिप्राय अछि –

(A) 'यात्री'सँ (B) 'नागार्जुन'सँ

(C) 'विदेह'सँ (D) उक्त तीनूसँ

8. विद्यापतिक गाम 'बिस्फी' कोन जिलाक अन्तर्गत अबैत अछि –

(A) दरभंगा (B) मधुबनी

(C) समस्तीपुर (D) सीतामढ़ी

9. 'बहिगेल कमला बलान हे' पाँती अछि –

(A) 'ह' आब भेल वर्षा'क (B) 'समय–साल'क

(C) 'भावि भरदुतिया विधान हे'क (D) 'रौदी अछि'क

10. 'लड़कपन' शब्द संज्ञाक कोन भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) जातिवाचकक (B) व्यक्तिवाचकक

(C) भाववाचकक (D) समूहवाचकक

11. 'पण्डित' शब्दक स्त्रीलिंग होइछ –

(A) पण्डिताइनि (B) पण्डिताम

(C) पण्डितारए (D) पण्डिताइ

12. 'माता' आ 'पिता' शब्द शब्दभेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

13. साहित्य अकादेमी द्वारा पुरस्कृत कथा संग्रह अछि –

(A) एक आदि : एक अन्त (B) झूठ–साँच

(C) एकटा तेसर (D) आइ काल्हि परसू

14. 'जतेक गूड़ ततेक मीठ' केर अर्थ होइछ –

(A) गूड़ मीठ होइछ (B) गूड़क स्वभाव थिक मीठ

(C) मूल्यक अनुसार वस्तुक महत्त्व (D) उक्त तीनू

15. विद्यापतिक जन्म स्थान छलनि –

(A) पिण्डारूछ (B) महिनाथपुर

(C) बिस्फी (D) टेकटारि

16. 'बाजू बंद खुलि–खुलि जाय' अछि –

(A) धमार (B) ध्रुपद

(C) खयाल (D) ठुमरी

17. सुभद्र झा लिखित कोन पुस्तक पर 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार देने छल –

(A) 'प्रवास जीवन' पर (B) 'नातिक पत्रक उत्तर' पर

(C) 'सॉग्स ऑफ विद्यापति' पर (D) 'मैथिली व्याकरण मीमांसा' पर

18. साइमन कमीशनक विरोधी आन्दोलनमे लखनजी गिरफ्तार भेलाह –

(A) जेल पठा देल गेलनि (B) छोड़ि देल गेलनि

(C) कालापानी देल गेलनि (D) राज्य निकाला कयल गेलाह

19. लक्ष्मण झाक आदर्श छलथिन –

(A) गाँधी (B) लोहिया

(C) कर्पूरी ठाकुर (D) एहिमे केओ नहि

20. ‘पति’ शब्दक विपरीतार्थक होइछ –

(A) स्त्री (B) पत्नी

(C) स्वामिनी (D) उक्त तीनू

21. ‘उमापति’ शब्दक पर्यायवाची अछि –

(A) दिगम्बर (B) कैलाशपति

(C) महादेव (D) उक्त तीनू

22. ‘कोनो काज लेल देल गेल सहायता कहाइत अछि –

(A) अनुमोदन (B) आग्रह

(C) अनुदान (D) आमिष

23. ‘धरक भेदिया लंका डाह’ केर अर्थ होइत अछि –

(A) धरक भेद जननिहार लंका डाहलक

(B) लंका डाहनिहार घरक भेदिया छल

(C) आपसी फूट सँ पैघ हानि होइछ

(D) घर आ लंका एक समान जरैछ

24. जनक राजवंशक संस्थापक छलाह –

(A) निमि जनक (B) जनक

(C) कश्यप (D) विश्वनाथ

25. कानपुर मे ‘सिपाही–विद्रोह’क नेतृत्व कयलनि –

(A) नाना साहेब (B) रानी लक्ष्मीवाई

(C) कुँवर सिंह (D) उक्त तीनू

26. ‘ओ’ ‘औ’ वर्णक उच्चारण स्थान थिक –

(A) कण्ठ (B) ओष्ठ

(C) कण्ठ आ ओष्ठ (D) दन्त

27. कारी बाछा भागि रहल अछि – एहि ठाम ‘कारी’ विशेषण अछि –

(A) गुण वाचक (B) निश्चय वाचक

(C) अनिश्चय वाचक (D) सार्वनामिक

28. राम किताब पढ़ैत छथि, मे ‘राम’ उदाहरण थिक –

(A) कर्मकारकक (B) कर्त्ताकारकक

(C) करणकारकक (D) सम्बन्ध कारकक

29. भाग्यनारायण झाक ‘परदेश’ साहित्यक विधाक अन्तर्गत अबैछ –

(A) खण्डकाव्य (B) निबंध

(C) यात्रा–वृतांत (D) एकांकी

30. पाठ्यांशमे ‘चन्द्रमुखी दाइ’क पुत्र अछि –

(A) देबू (B) रामू

(C) फूल (D) गुलाब

31. ‘शकुन्तला’ अछि –

(A) महाकाव्य (B) खण्डकाव्य

(C) कथाकाव्य (D) उपन्यास

32. विद्यापतिक लिखल अछि –

(A) पदावली (B) भू परिक्रमण

(C) मणिमञ्जरी (D) उक्त तीनू

33. ‘कखन हरब दु:ख मोर हे भोलानाथ’ गीत कोन श्रेणी मे अबैछ –

(A) नचारीक (B) महेसबानीक

(C) प्रेमगीतक (D) व्यवहारगीतक

34. ‘मधुप’ जीक पैतृक स्थान छलनि –

(A) कोइलख (B) बहेड़ा

(C) कोर्थू (D) महिषी

35. ‘कवि चूड़ामणि’ उपाधिसँ विभूषित रहथि –

(A) वैद्यनाथ मिश्र ‘यात्री’ (B) ज्योतिरीश्वर

(C) मधुप (D) उक्तमे केओ नहि

36. ‘घसल अठन्नी’क रचयिता छथि –

(A) यात्री (B) बुद्धिनाथ मिश्र

(C) तारानन्द वियोगी (D) काशीकान्त मिश्र ‘मधुप’

37. ‘कमलनयन’ (विष्णु) शब्द समास–भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) द्विगुक (B) द्वन्द्वक

(C) बहुब्रीहिक (D) कर्मधारयक

38. ‘वर्ण’ शब्दक अर्थ होइत अछि –

(A) अक्षर (B) जाति

(C) रंग (D) उक्त तीनू

39. ‘पेटक आगि’ कहाइत अछि –

(A) जठराग्नि (B) उदराग्नि

(C) जठरानल (D) उक्त तीनू

40. ‘यश’ शब्दसँ बनल विशेषण होइछ –

(A) यशी (B) यशस्वी

(C) यशवान (D) उक्त तीनू

41. ‘जकरे धन, तकरे जन, मे ‘जकरे’ आ ‘तकरे’ सर्वनामक उदाहरण थिक –

(A) सम्बन्धवाचकक (B) निश्चयवाचकक

(C) अनिश्चयवाचकक (D) निजवाचकक

42. ‘अपनहि पयरमे कुड़हरि मारब’ केर अर्थ होइत अछि –

(A) अपनहि पयर काटब (B) अपन अपकार करब

(C) अपनहि कुड़हरि भाँजब (D) क्रोध करब

43. ‘सुनू–सुनू बहिना, जहिना छी तहिना’ गीत लिखने छथि –

(A) यात्री (B) मधुप

(C) रवीन्द्रनाथ ठाकुर (D) बुद्धिनाथ मिश्र

44. ‘स्वतंत्रता अमर हो हमर’ नामक पोथीक रचयिता छथि –

(A) यात्री (B) अमर

(C) जयकान्त मिश्र (D) रवीन्द्रनाथ ठाकुर

45. ‘पद्‌मश्री’ उपाधिसँ विभूषित छलीह –

(A) सीता देवी (B) जगदम्बा देवी

(C) महासुन्दरी देवी (D) गंगा देवी

46. ‘लेभराह अन्हार मे एकटा इजोत’ साहित्यक कोन विधाक अन्तर्गत अबैछ –

(A) एकांकी (B) नाटक

(C) कथा (D) निबंध

47. ‘जीवनकेँ मान दैछ बच्चा’ पाँती अछि –

(A) ‘बच्चा’ शीर्षकक (B) ‘हाथ’ शीर्षकक

(C) ‘बन्दना’ शीर्षकक (D) ‘एड्सक कालनाग’ शीर्षकक

48. जगत् + आत्मा = जगदात्मा, उदाहरण थिक –

(A) स्वर सन्धिक (B) व्यंजन सन्धिक

(C) विसर्ग सन्धिक (D) उक्त मे कोनो नहि

49. नै + अक = नायक, उदाहरण थिक –

(A) दीर्घ सन्धिक (B) गुण सन्धिक

(C) वृद्धि सन्धिक (D) अयादि सन्धिक

50. सुभद्रझा जीविकाक आरम्भ कयलनि –

(A) प्राइमरी स्कूलसँ (B) कॉलेजसँ

(C) विश्वविद्यालयसँ (D) माध्यमिक विद्यालयसँ

51. जयकान्त मिश्र निवासी छलाह –

(A) दरभंगा जिलाक (B) मधुबनी जिलाक

(C) समस्तीपुर जिलाक (D) सहरसा जिलाक

52. ‘पर्यावरण’ शीर्षक साहित्यक कोन विधाक अन्तर्गत अबैछ –

(A) कथा (B) रिपोर्ताज

(C) निबंध (D) जीवनी

53. जयकान्त मिश्रक शोध प्रबंधक, आधारपर जे पोथी प्रकाशित भेल, तकर नाम पड़ल –

(A) ए हिस्ट्री ऑफ मैथिली लिटरेचर (B) वृहत् मैथिली शब्दकोष

(C) किरतनिया नाटक (D) विद्यापतिक गोरक्ष विजय नाटक

54. 'श्रृंगार भजन' नामक पोथी मे गीत अछि –

(A) अमिअकरक (B) विद्यापतिक

(C) गोविन्ददासक (D) चन्दा झाक

55. 'जमाहिर लाल वस्तुतः हीरा छलाह' उक्ति अछि –

(A) सुभद्र झाक (B) 'यात्री'क

(C) जयकान्त मिश्रक (D) अमरनाथ झाक

56. 'अशोक स्तम्भ' विद्यमान अछि –

(A) वैशाली मे (B) कुशीनगर मे

(C) बसाढ़ मे (D) लौरिया मे

57. 'रायसाहेब'क उपाधि देल गेल रहनि –

(A) भोलालाल दासकेँ (B) रामलोचन शरणकेँ

(C) जयकान्त मिश्रकेँ (D) महेन्द्र मलंगिया केँ

58. 'राष्ट्रभाषा ओ मातृभाषा' शीर्षकक लेखक छथि –

(A) भोलालालदास (B) दिनेश्वर लाल 'आनन्द'

(C) रामलोचन शरण (D) भाग्य नारायण झा

59. जयकान्त मिश्र द्वारा सम्पादित पुस्तक अछि –

(A) धूर्त्तसमागम (B) गौरी स्वयंवर

(C) श्री कृष्णकेलिमाला (D) उक्त तीनू

60. 'वाचनालय' शब्दक सन्धि विच्छेद होइछ –

(A) वाच + नालय (B) वाचन + आलय

(C) वाचना + लय (D) उक्तमे कोनो नहि

61. 'राम गाम आयल छलाह' – उदाहरण अछि –

(A) तात्कालिक भूतकालक (B) सामान्य भूतकालक

(C) अपूर्ण भूतकालक (D) पूर्ण भूतकालक

62. 'बीनू पढ़ैत रहत' उदाहरण थिक –

(A) सामान्य भविष्यत्कालक (B) अपूर्ण भविष्यत्कालक

(C) पूर्ण भविष्यत्कालक (D) तात्कालिक वर्त्तमानकालक

63. 'निरूपाय' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ –

(A) निरू + पाय (B) निः + उपाय

(C) नि + रूपाय (D) निरूपा + य

64. 'खग जानय खगहीकेर भाषा' केर अर्थ होइछ –

(A) खग आ खगही एके भाषा बजैछ

(B) संगी संगीक हाल जनैछ

(C) खग–आ खगहीक भाषामे भेद नहि होइछ

(D) खग आ खगही समान अछि

65. साहित्य अकादेमीक अध्यक्ष (1961 ई0 मे) छलाह –

(A) महात्मा गाँधी (B) यात्री

(C) जयकान्त मिश्र (D) जवाहर लाल नेहरू

66. लिली रेकेँ पुरस्कृत कयल गेल रहनि –

(A) कथा साहित्य पर (B) उपन्यास पर

(C) नाटक पर (D) निबंध पर

67. 'सिपाही–विद्रोह' भेल –

(A) 1944 ई0 मे (B) 1856 ई0 मे

(C) 1857 ई0 मे (D) 1861 ई0 मे

68. पाठ्यांश मे माछ खयलासँ बढ़ैत अछि –

(A) बुद्धि (B) लम्बाइ

(C) सुन्दरता (D) संस्कार

69. भारत स्वतंत्र भेल –

(A) 1900 ई0 मे (B) 1947 ई0 मे

(C) 1948 ई0 मे (D) 1950 ई0 मे

70. 'यात्री'जीकेँ साहित्य अकादमी पुरस्कार भेटल रहनि –

(A) 'चित्रा' कविता–संग्रह पर (B) 'पत्रहीन नग्न गाछ' कविता–संग्रह पर

(C) 'बलचनमा' उपन्यास पर (D) 'पारो' उपन्यास पर

71. 'यात्री'जी हिन्दी मे लिखैत रहथि –

(A) 'यात्री'नामसँ (B) 'नागार्जुन'नामसँ

(C) 'विदेह'नामसँ (D) उक्त कोनो नामसँ नहि

72. मैथिली साहित्य मे युग प्रवर्तक कहाइत छथि –

(A) यात्री (B) राजकमल चौधरी

(C) मधुप (D) चन्दा झा

73. 'पत्र' शब्दक अर्थ होइछ –

(A) पन्ना (B) चिट्ठी

(C) पात (D) उक्त तीनू

74. 'मिसर' शब्दक स्त्रीलिंग होइत अछि –

(A) मिसराइनि (B) मिसराईनि

(C) मिसराइन (D) (A) आर (C) दूनू

75. 'अलमारी' शब्द–भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

76. 'च' आ 'छ' वर्णक उच्चारण–स्थान थिक –

(A) कण्ठ (B) तालु

(C) मूर्द्धा (D) दन्त

77. जय जय हो भारत मैया, जय जय हो आइ किसान केर, पाँती अछि –

(A) 'एड्सक कालनाग'क (B) 'वन्दना'क

(C) 'जय जवानः जय किसान'क (D) 'शिवगीत'क

78. मैथिली मे कथा लेखनक सूत्रपात भेल रहय –

(A) 'सुन्दर संयोग' नाटकसँ (B) 'पुरूष–परीक्षा'क अनुवादसँ

(C) 'गोरक्ष विजय' नाटकसँ (D) 'वर्णरत्नाकर'सँ

79. महेन्द्र मलंगिया निवासी छथि –

(A) सीतामढ़ी जिलाक (B) दरभंगा जिलाक

(C) मधुबनी जिलाक (D) सहरसा जिलाक

80. ‘राजा पोखरि मे कतेक मछरी’क लेखक छथि –

(A) महेन्द्र मलंगिया (B) लिली रे

(C) प्रभास कुमार चौधरी (D) राजमोहन झा

81. ‘बेलक पात’ शब्द समास–भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) तत्पुरूषक (B) कर्मधारयक

(C) बहुब्रीहिक (D) द्विगुक

82. जकरा पर विश्वास कयल जाय, से कहाइत अछि –

(A) विश्वासी (B) विश्वसनीय

(C) विश्वास पात्र (D) उक्त तीनू

83. ‘पूजब’ शब्दसँ विशेषण होइछ –

(A) पूजल (B) पूजनीय

(C) पूज्य (D) उक्त तीनू

84. ‘महालय ‘शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ –

(A) मह + आलय (B) महा + अलय

(C) महा + आलय (D) महाल + य

85. ‘जलज’ शब्दक अर्थ होइत अछि –

(A) कमल (B) माछ

(C) सेमार (D) उक्त तीनू

86. ‘लिंग्विस्टिक सर्वे ऑफ इंडिया’क सर्वाधिक श्रेय छनि –

(A) चन्दा झाकेँ (B) जयकान्त मिश्रकेँ

(C) ग्रियर्सनकेँ (D) राधाकृष्ण चौधरीकेँ

87. चन्दाझाक शिक्षा–दीक्षा भेल रहनि –

(A) पिण्डारूछ मे (B) ठाढ़ी मे

(C) बड़गाम मे (D) उक्त मे कोनो नहि

88. डॉ0 भीमराव अंबेदकर राज्य सभाक सदस्य मनोनीत भेलाह –

(A) 1950 ई0 मे (B) 1951 ई0 मे

(C) 1952 ई0 मे (D) 1955 ई0 मे

89. काँग्रेसक पहिल विभाजन भेल रहय –

(A) सूरत अधिवेशन मे (B) कलकत्ता अधिवेशन मे

(C) दिल्ली अधिवेशन मे (D) बम्बई अधिवेशन मे

90. 'मोहन गेल' उदाहरण थिक –

(A) सामान्य भूतकालक (B) अपूर्ण भूतकालक

(C) पूर्ण भूतकालक (D) तात्कालिक भूतकालक

91. 'बसात' शब्दक पर्यायवाची अछि –

(A) पवन (B) हवा

(C) समीर (D) उक्त तीनू

92. 'लम्बोदर' (गणेश) शब्द समास–भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) बहुब्रीहिक (B) कर्मधारयक

(C) द्विगुक (D) द्वन्द्वक

93. 'खेत' शब्द लिंग–भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) पुँल्लिंग (B) स्त्रीलिंग

(C) उभयलिंग (D) नपुंसकलिंग

94. सुभद्रझा 'मिथिलेश रमेश्वर सिंह मैथिली चेयर'कैँ सुशोभित कयलनि –

(A) पटना विश्वविद्यालयमे

(B) कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयमे

(C) ल0 ना0 मिथिला विश्वविद्यालयमे

(D) वाराणसेय–संस्कृत विश्वविद्यालयमे

95. 'नातिक पत्रक उत्तर' थिक –

(A) कथा संग्रह

(B) निबंध संग्रह

(C) रिपोर्ताज संग्रह

(D) कविता संग्रह

96. राष्ट्रपति द्वारा दक्ष ओ श्रेष्ठ शिल्पीक पुरस्कार देल गेल रहनि –

(A) पद्मश्री गंगा देवीकैँ

(B) महासुन्दरी देवीकैँ

(C) जगदम्बा देवीकैँ

(D) गोदावरी दत्तकैँ

97. 'अपने मुँह मियाँ मिट्ठू' केर अर्थ होइछ –

(A) मियाँकैँ मिठाई खोआयब

(B) सबके बजाकऽ मधुर खोआयब

(C) आत्म श्लाघा

(D) अपनेसँ मधुर परसब

98. 'कखन हरब दुःख मोर हे भोलानाथ'मे भक्त कहैत छथि –

(A) अपन मोनक व्यथा

(B) अपन मोनक पीड़ा

(C) अपन उद्धारक चिंता

(D) उक्त तीनू निहित अछि

99. 'जय जवानः जय किसान' कविताक रचयिता छथि –

(A) मधुप

(B) रवीन्द्रनाथ ठाकुर

(C) विनोद

(D) तारानन्द 'वियोगी'

100. 'मरीचिका' उपन्यास विभक्त अछि –

(A) दू खण्डमे (B) तीन खण्डमे

(C) चारि खण्डमे (D) पाँच खण्डमे

## <u>खण्ड – ब (विषयनिष्ठ प्रश्न)</u>

1. निम्नलिखित मे कोनो एक विषय पर निबंध लिखू : (लगभग 250 – 300 शब्द मे) **10 x 1 = 10**

(A) सरस्वती पूजा (B) भ्रूण हत्या

(C) कृषि समस्या (D) क्रिकेट

(E) विश्वशांति

2. निम्नलिखित मे कोनो एक प्रश्नक उत्तर दिअ : **7 x 1 = 7**

(A) छठि पावनि मे अएबा लेल मित्रकेँ पत्र लिखू।

(B) फॉर्म भरबामे आर्थिक मदति वास्ते प्रधानाचार्यकेँ आवेदन दिअ।

**3.** निम्नलिखित मे उद्धरणमेँ कोनो **दू** उद्धरणक शीर्षक दैत संक्षेपण करूः **4x2=8**

(A) प्रथम विश्वयुद्ध साधारण छल, मुदा दोसर महाभीषण भेल। जापानक हिरोशिमा नगर अणुबमक आघातसँ नष्ट भय गेल। विश्व मे हाहाकार पसरल। धनजन सब संकटग्रस्त भय गेल रहय। आपसमे संघर्ष बढ़ल साम्राज्य–विस्तारक लिप्सा बलबान राष्ट्रकेँ आन्हर बना देलक। फलतः एक राष्ट्र दोसर राष्ट्रक विनाश लेल उद्यत भय गेल। आपस मे प्रतिस्पर्द्धा बढ़ल। संसार विनाशक पथ पर अग्रसर अछि।

(B) सभ दिस मुँह देने कतहु कार्य साघनक सम्भावना नहि। एकहि समय मे सभ तरहक कार्य पर ध्यान देने कतहु कार्य मे सफलता होइक ? कतहु सम्भव नहि। कार्य मे सफलता हेतु ध्यान एकाग्र करऽ पड़ैत छैक, तखने कार्यसाधन मे सफलता भेटैत छैक। तहिना जीवनक उद्देश्यकेँ निर्धारित पहिने करबाक चाही आ तदनुरूप कार्यमे रुचि आ दिशा तय कैनाइ आवश्यक। तैँ कार्य साधन हेतु मनुक्ख साकांक्ष आ उद्देश्य परक होअय।

(C) पूसमासक कनकनी मे भोर मे आवृत करय हेतु गुरुजी आचार्यक द्वितीय खण्डक विद्यार्थी दिवाकान्तकेँ कइएकबेर उठाओल, मुदा घोर नींद मे पड़ल दिवाकान्त नहि सुगुबुगैलाह। क्रोधित भेल गुरुजी दिवाकान्तक सलगा फेकिकय मुँहपर ठण्डा जल ढ़ारल। उठलापर दिवाकान्तकेँ खूब धूसल। तेल नहि भेटलाक कारणेँ पड़ल–पड़ल मनन करैत छलहुँ–दिवाकान्त कहल। गुरुजी मननक विषय पूछल। ताहिपर ओ गोङिआय लगलाह। गुरुजीक प्रचण्ड रुप धरितहिँ दिवाकान्त कानपर जनेउ चढ़बैत जलपात्र लय घसकि गेलाह।

(D) लोकसाहित्य प्रेरणाक अक्षय भंडार थिक। सहस्र–सहस्र महाकाव्य, नाटक, उपन्यास अथवा जीवनी अइसँ बहार कय नाना रुपमे सर्जित कयल जा सकैत अछि। सहस्रोठाँ खोदाइक काज सफलतापूर्वक चलि सकैत अछि। सबसँ पैघ बात ई जे लोकगाथाक आधार पर इतिहासक अमूल्य खोज भय सकैत अछि। स्मरण रखबाक थिक जे मैथिली शब्दकोशक लेल सबसँ पैघ देन लोक साहित्येक हैत।

4. निम्नलिखित मे कोनो **एक** गोट उद्धरणक आशय लिखू : **5 x 1 = 5**

(A) सुनिते साइकिलक घंटी, पाँखि बिनु अँखिया

दौड़ल सड़क दिसि कतेबेर सखिया

सुरुज डुबैत भैयाकेर ताकि बटिया

बहि गेल कमला बलान हे।

(B) हम दोसरक माय–बहिन कँ अपन माय–बहीन नहि बुझबै तँ कतेक काल टिक सकबै, दोसराक इज्जति लऽकऽ चलबै त ओकर रक्षा मे प्राणे चलि जेतै तऽ परबाहि नहि।

5. निम्नलिखित लघूत्तरीय मे कोनो **पाँच** प्रश्नक उत्तर दिअ : **2 x 5 = 10**

(i) मनुक्ख आ जीव–जन्तुकँ गाछ–वृक्षसँ अन्योन्याश्रय सम्बन्ध छैक, कोना?

(ii) असहयोग आन्दोलनक मतलब लिखू।

(iii) सुभद्र झा भाषाविद् छलाह, कोना ?

(iv) बौद्धधर्मक कोनो दू विशेषताक वर्णन करू।

(v) वर्षा भेला पर बाध–बोन केहन भऽ जाइत अछि ?

(vi) भरदुतियाक दिन बहीनक उत्सुकताक उल्लेख करू।

(vii) कवि जवान आ किसान दूनूक जयकारा लगबैत छथि, किएक ?

(viii) घाम आ श्रमक सम्बन्ध कोना व्यक्त कयल अछि ?

(ix) पठित पाठमे 'माँ'क प्रति केहन भाव व्यक्त कयल गेल अछि ?

(x) पर्यावरणक तीन मुख्य अंग कोन–कोन अछि ?

6. निम्नलिखित दीर्घोत्तरीय प्रश्न मे कोनो **दू** प्रश्नक उत्तर दिअ : **5 x 2 = 10**

(i) चन्दा झा युगप्रवर्त्तक छलाह, कोना ?

(ii) पर्यावरण पर निबन्ध लिखू।

(iii) ‘बच्चा’ शीर्षक कविताक भाव लिखू।

(iv) ‘माँ’ शीर्षक कविताक भावार्थ लिखू।